

*КIВАР БУГЕБ СУАЛ*

**МугIрул тун авлахъалде рахъунел магIарулал**

стр. 2

*СПОРТ*

**Кикбоксингалъул рахъалъ Россиялъул чемпион**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 7 * май 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## РАГЪДАСА РУССУНЕЛ ВАСАХЪ БАЛАГЬУН…

### ЛъаратIа Бергьенлъиялъулкъо кIодо гьаби….

**Исана ичIабилеб маялда, Совет хIукуматалъ фашистазда тIад бергьенлъи босаралдаса сверана 69-го сон. ТIолго дунялалъе гIахьалаб КIудияб Бергьенлъиялъулкъо кIодо гьабуна Россиялда киса-кибего. Дунялалда бищунго вахIшияб рагъда Совет союзалдаса хвана 26 миллион чи. Хвана гьезда гьорлъ нилъер гIагараб ЛъаратIа районалдаса гIолохъабиги. Рагъул корониса руссаразул кьералги соналдаса соналде дагьлъун, гьабсагIаталда цо чи гурони хутIун гьечIо. ВатIаналъе гIоло рухI кьурал бахIарзал кIодо гьарулел рукIана 9 маялда ЛъаратIаги.**



Радал сагIат анцIго тIубарабго, администрациялъул миналда аскIоса байбихьун тIобитIана парад. Миллияб формаялда ретIарал культураялъул хIалтIухъабаз берцин гьабулеб букIана парад. ГIемерал чагIи щвана росабалъа праздникалъул къоялъ ЛъаратIе. Парад лъугIун хадуб стадионалда дандчIвай гьабуна районалъул нухмалъулез халкъалъулгун.

ТIоцеве кIалъазе ва праздник баркизе цеве вахъана районалъул бетIер **ГIалиханов МухIамад.** Гьес гIезегIан магIна бугеб кIалъай гьабуна. ТIоцебе баркана районцоязда Бергьенлъиялъул къо, хасго нилъер районалда хутIарав цохIого цо рагъул гIахьалчи, **Къардиб росулъа ГьитIинов ШагIбанида**. ГIицIго рагъулги бицун течIого батIи-батIиял гьариязда къокьго ва магIна бугеб кьагIидаялда лъугIизабуна жиндирго калам.

Хадув районалъул администрациялъул бетIер **Ражабов Ражабги**, райсобраниялъул председатель **ГIабдулаев ГIабдулаги** ва гьел гурел цоги идарабазул бутIрулги церерахъун кIалъайги гьабун.

Ахиралда, кидаго гIадин рагIи кьуна районалъул культураялъул хIалтIухъабазе. Кьурдулез ва кечI ахIулез роххизаруна киналго. ЦIакъго рекIее асар гьабуна гIодор чIаразе, гьеб праздникалда нилъер районалде щварав МухIамадтIамир Синдикъовасул кучIдуз. Культураялъул идараялъул директор ГIабдулаев ГIабдулагьица гьесул цIар ахIарабго хъуй бахъана кьабулеб хъатил. Лъабго кечIги ахIун, халкъалъ хъат кьабун гIодов чIезе виччалароро рукIана. Гьеб кинабго дагьаб къокъ гьабизе ккана рузманкъо букIун. Рузман бан хадуб байбихьулеб букIана эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул кьецал, школалда цIалулел лъималазда гьоркьор. (Гьезул хIакъалъулъ цIале цоги макъалаялда) Гьединаб ккана исанасеб Бергьенлъиялъул праздник кIодо гьаби. Гьарула киназего щулияб сагълъи. Аллагьас цIунаги нилъ яргъидасаги, рагъалдасаги. Хабар лъикIаб рагIайги.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**





БАРКУЛА

## БАРКУЛА БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО!

ЛъаратIа районалдаса батIи-батIиял рагъазда гIахьаллъарал бахIарзазда, рагъулал аскаразда хъулухъ гьабулел, гьабизе кколел киналго бихьиназда, руччабазда ва тIолабго жамагIаталда ракI-ракIалъ баркулеб буго КIудияб Бергьенлъиялъул къо.





Гьеб ккола ватIан цIунулаго батIи-батIиял рагъул авлахъазда рухI босарал ва тIадаб борчги тIубан тIадруссарал рахъухъабазул ва бергьенлъи гIагар гьабиялъе гIоло кIвахI тун хIалтIарал нилъер бахIарчиял умумул ракIалде щвезарулеб къо.

Биччанте щивав бахIарчи нилъер ракIазулъ хутIизе, гьезда релълъарал нилъ рукIине ва нилъер лъималазухъе гьеб кьезе нилъее тавпикъ. ЛъаратIа районалдаса рагъул гIахьалчагIазда, гьезул наслабазда ва гIагарлъиялда баркулеб буго Бергьенлъи ва гьарула рагъулъ бахIарчилъи ва ракълилаб хIалтIулъ таваккал ва къохIехьей. Биччанте гьеб къо нилъер умумулги, гьезул гьунаргун бахIарчилъиги ракIалде щвезабулеб къолъун букIине кидаго.

**ЛъаратIа районалъул муниципалияб гIуцIи, Райсобрание, Райадминистрация, Редакция**

## ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ УПРАВЛЕНИЯЛЪУЛ ЦIИЯВ НУХМАЛЪУЛЕВ



Меджидов Сулейман ГIабдулаевич гьавуна 1961 соналъ Шидиб администрациялъул Шидиб росулъ. 1977 соналъ Шидиб школалда микьго классги лъугIун цIализе лъугьана Буйнакскиялъул педучилищеялда.

1981 соналъ училищеги лъугIун хIалтIизе байбихьана ЧIадаколоб СОШалда.

1981-1983 соназда тIубана рагъулаб хъулухъги, армиялдасан вачIун хIалтIизе байбихьана Кудан росдал байбихьул школалда. 1984соналъ гочун ана Шидиналде ва гьенив школалда хIалтIулаго цIализе лъугьана ДГПиялда геофакультеталда. 1987соналъ нахъе тIад вуссана Шидиб росулъе ва 2002 абилеб соналде швезегIан хIалтIана мугIалимлъун. 2002соналдасан 2014абилеб соналде швезегIан хIалтIана Шидиб гьоркьохъеб школалъул нухмалъулевлъун. 2014 соналъул апрелалъул ахиралда хIалтIизе байбихьана лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулевлъун. Баркула цIияб хъулухъги, гьарула сахлъи ва хIалтIулъ бергьенлъабигун хиса-басиял

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ХIУРМАТАЛДА

# ГIАДЛУ ВА РИТIУХЪЛЪИ ГЬЕЧIЕБ ТУРНИР

## Волейболалъул рахъалъ районалъул чемпионат тIобитIана

**Маялъул праздниказда ЛъаратIа тIобитIизе кколаан анлъго командаялда гьоркьоб волейболалъул финалияб турнир. Кисан щварали лъачIого гьеб финалалде бачIана анцIго команда. Мисалалъе босани, Ибрагьим-отаралдасан команда бачIана, амма зоналъулаб турниралда гьеб букIинчIо. Амма гьелги Шидриналдасаги командаги зоналиял къецазде ахIаниги бегьилаан.**

Гьединго финалияб къецазда рачIана зоналиял къецазда къурал Хидиб ва ЛъаратIа командаби Цо-цо администрациялъул хIалел чагIи цогидаб администрациялъул командаялда гьорлъ журан хIалел рукIана. Гьел къецал байбихьудасаго битIараб гIуцIи гьечIого гьарун рукIана.

Дида киданиги рагIичIо кIиго волейболалъулаб командаялъе тIоцебесеб бакI кьураб. Гьединго заман халат гьабунгутIиялъе цо-цо командаялъ лъабго, ункъго хIай гьабизе ккана. РакIчIун тIоцебесеб бакIалда ине рес букIараб Росноб росдал командаялъе кIиабилеб бакI щвана. Росноб командаялъ инкар гьабизе кколаан цо къоялъ лъабго нухалъ хIазе.Щибниги лъаларел балагьулел лъугьана къацандизе, щибаб росолъ школазда цIиял гьанже заманаялъул волейбол хIаялъулал чIванкъотIарал чIезарурал шартIал руго. Рагьизе рекерула, къецал хвезарилин хIинкъаби кьезе лъугьуна, талихI ккана цоги районалдасан гьалбал нилъехъ гьечIого, гьел нилъеда тIад релъинаан. Дир пикруялда, гьел къецал чIахIияздаги гьоркьор тIоритIарал ритIухъал рукIинчIо.ТIоцебесеб бакI бикьана Мазада ва Ибрагьим-Отар командаязда гьоркьоб, кIиабилеб бакI щвана Росноб росдал командаялъе. ДЮСШаялъул финалиял къецал тIадегIанаб даражаялда ана. БукIинчIо дагIба-рагIи, бажарун волейболалъул хIаялъул халги гьабулеб букIана. Ясазда гьоркьоб бергьана Мазада гьоркьохъеб школаялъул команда, кIиабилеб бакI ккуна ЛъаратIа школалъ, лъабабилеб бакI щвана Кутлаб школалъе. ГIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ЦIумилухъ школалъ, амма киналго гIолилал Росноса ругоан . КIиабилеб бакI щвана Кутлаб школалъе, лъабабилеб бакI ккуна ЛъаратIа школалъ. ТIадегIанал бакIал ккуразе кьуна кубокал, дипломал ва гIарцулал лъикIал сурсаталги ай тIоцебесеб бакIалъе 12 азарго гъуруш, кIиабилеб бакIалъе 10 азарго, лъабабилеб бакIалъе 8 азарго гъуруш. ЛъаратIа ДЮСШалъ лъикIал сайгъатал кьуна. Къецал гьаричIого гIурал рукIинчIо. ГIунбачIунеб гIелалъул сахлъиялдасан къиматаб щибниги букIинаро.

ЧАКЪАЛОВ

# ЭРКЕНАБ ГУГАРИЯЛЪУЛ РАХЪАЛЪ РАЙОНАЛЪУЛ ЧЕМПИОНАТ ТIОБИТIАНА

**9 маялъ рузман къоялъ ЛъаратIа райцентралда тIобитIана гIадатлъун бильлъараб, эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул чемпионат. Ахираб заманалда 9 маялда чемпионат тIобитIулеб буго батIи-батIиял зонаязда бергьарал цIалдохъабиги рачун. Ай, гьеб къоялъ финал букIанилан абизе бегьула, щайгурелъул ракIарун рукIана батIи-батIиял гугариялъул зонабаздаса рищунго лъикIал хIасилал рихьизарулел гIолилал. Киналго гьел уна ЛъаратIа ДЮСШялда гьоркье.**



Исана гIадлуялда ва тIадегIанаб даражаялда тIоритIана къецал абизе бегьула. Кинабго гIуцIун букIана жиб букIине кколеб хIалалда, гIунгутIаби дида рихьичIо. Къецазе суд ритIухъаб букIиналъе гIоло, ДЮСШялъул нухмалъулев Ражабов Ибрагьимица районалъул къецазде вачун вукIана МахIачхъалаялдаса "Спартак" спортшколаялда хIалтIулев тренер, спорталъул мастер Джафаров.

Къецал гIезегIан хIалуцарал ва интересал лъугьана. ГIахьаллъана ЦIумилухъ, Гъараколоб, Къамилухъ, Белъелда, Гьенеколоб, Кутлаб, ЛъаратIа, ЧIадаколоб, Шидиб, Мазада, Хидиб ва Начада росабазул школал. Киназдаго гьоркьоса ратIа гьаризе бегьула ЛъаратIа, ЦIумилухъ ва Начада школазул лъимал. Гьединлъидалин гьезие щварал тIоцебесеб (ЛъаратIа), кIиабилеб (ЦIумилухъ) ва лъабабилеб (Начада) бакIал. АбичIого гIоларо, къокъаб заманалда жаниб гIезегIан хIалтIи гьабуна тренер Рамазанов Давудица. Гьес ругьун гьарулел лъималазул цояс тIоцебесеб бакI ккуна ва кIигояс кIиабилеб бакI ккуна.

ЛъикIал хIасилал рихьизаруна Начада тренерлъун хIалтIулев ГIабдуразакъовас. Гьесул гугарухъабаз ккуна кIиго тIоцебесеб, цо кIиабилеб ва лъабго лъабабилеб бакI. ЛъикIаб къимат кьезе бегьула ЦIумилухъ тренераллъун хIалтIулел ХIасановасе ва МухIамадовасе. Гьезие щвана лъабго тIоцебесеб, цо кIиабилеб ва цо лъабабилеб бакI. ЛъаратIаса тренерал Давудов, ХIайбулаев, МухIамадов, Жаватханов бищунго кIудияб къиматалъе мустахIикъал руго. Гьез тIоцебесеб бакI ккуна районалда, гьезул гугарухъаби рищун гIемер бергьана.

ЧАКЪАЛОВ

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# МУГIРУЛ ТУН АВЛАХЪАЛДЕ РАХЪУНЕЛ МАГIАРУЛАЛ

## Бабаюрт зонаялда ругел районцоязул масъалаби гьоркьор лъуна



**Апрелалъул 23-абилеб къоялъ, районалъул хIакимзабаз ва цадахъ киналго идарабазул бутIрузь сапар бухьана нилъер районалъул хъутаналде, Бабаюрт зонаялде. Гьениб тIобитIана иргадулаб щибаб моцIрол ахиралда тIобитIулеб заседание. Цебесеб къоялъго рахъун хIадурун чIун рукIана сагIат анцIго тIубарабго Шидрин тIоцебесеб дандчIвай гьабизе. Цониги чи кватIичIого щвана киналго. Цебеккунго хъутабазда ругел гIадамазул гIарз букIунаан жидехъе районалдаса чагIи цIакъго къанагIат гурони щоларо ва гьезул жидедехун бербалагьи дагьаб бугин. Гьелъ батизе кколаха, Шедрин администрациялъул контораги цIун халкъ къватIибгицин хутIулеб букIана. Заседаниялда цере лъурал суалал рукIана аслияб къагIидаялъ гьенир ругел гIадамазул гIумру-яшавги, рукIа-рахъинги лъикIлъиялда барал.**

ТIоцебесеб суал букIана росдал магIишат цебе тIезе ихдал гьаризе кколел хIалтIабазул. Гьелда бан цеве вахъун кIалъазе рагIи кьуна росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадов ХIажиясе. ХIажиясул гIемер жо бицине бугеблъи бихьулеб букIана, амма гьес хIалкIун къокъгьабун ва гIадамазда бичIчIулеб хIалалъ бицулеб букIана. Киназулго рукIана суалал лъел мухъал цIи гьаризе ва гьел рацIцIад гьаризе абун. ХIажияс рикIкIана рацIад гьаруралги, гьаризе кколелги ва гьарун бажаруларелги. Доб цебе заманалда цо-цо чагIаз жидецаго лъидаго цIехечIого тIамурал лъел мухъал гьаб сагIаталъ рацIад гьаризе кIолел гьечIо, щайгурелъул гьелъул букIине ккола проект, гьелда рекъон гIарацги биччан гьабизе. Гьеб гуреб, ракьул суал букIана гIадамаз борхулеб. Ракь кин хIалтIизабизе кколеб, гьелъие лъим гьечIеб мехалъ. Балагьараб мехалъ цIакъ гIемер бекьичIого, хIалтIизабичIого хутIун бугоан ракь. Цо-цо бакIалда люцерна буго, цоги киналго ракьал чIорого ругоан. Гьелъул хIакъалъулъ цIехедал дида бицана, гьеб ракь бекьун щибниги хайир гьечIила, цIакъго гIемераб захIматги цIан. ГIицIго хIайван-боцIи хьихьун, гьелдаса гурони. ХIажияс бицана гьениб, чIорого хутIарал ракьал хIалтIизаричIого тани гьел хIукуматалъ нахъе рахъун ине рес бугеблъи. Киналго СПКаялъул нухмалъулездаги бичIчIизабуна ва гьелда гьабизе кколеб жоялда ургъизе кколаян лъазабуна.

ГIемерал гьаризе кIолел ва гьабсагIаталъ гьарун бажарулел масъалаби руго хъутаналда. ГIодор чIаразухъ балагьун ва гьез кьолел суалазухъ гIенеккун бичIчIулеб букIана гьезие хIалкIун гIемераб жоялъе районалъул бутIруз рагIи кьезе бокьун бугеблъи. ГIалиханов МухIамадица тIадеги вахъун бичIчIизабуна тIоцебего, ниж я выборазул, яги нижее къваригIараб жо букIун рачIарал гуро, нужги рихьизе, ножохъги гIинтIамизе, камураб щиб, гьабизе кколеб щиб тIоцебесеб иргаялда ва гьелда рекъон тIадеялдаса тIаде гьаризе кколел цIиял хIалтIаби лъазаризе абун. Гьеб хабаралъ дагьал гIодор риччана гIадамал.

КIиабилеб суал букIана гIи эхеде магIарухъе гочинариялъул суал. Гьенибги рагIи кьуна МухIамадов ХIажиясе. Росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев вукIиналъ ХIажияв гIемер кIалъазе ккана. Гьес бичIчIизабуна гIи эхеде гочинаричIого тани гьелъул бугеб заралалъулги, ва гочинариялъул бугеб кIваралъулги. ГIи эхеде гочинаричIого тани гьез гIемер жо хвезабулила. БатIибатIияб хер тIубанго авлахъалдаса лъугIиналда хIинкъи буго, гIияца хьом щущазегIан течIого тIу-тIулеб кванaлеб букIун. ГочинаричIого тани гIакIа къотIизе букIинги бичIчIизабуна. ГIемерал росабалъе щвана кIиго къоялъ халат бахъараб сапаралда. Аслиял суалал киса-кирего гьал тIадехун рехсарал рукIана. Шидриналдаса арал щвана ЦIумилухъе, УнхIаде, Къамилухъе, Фрунзеязухъе ва Победа колхозалъул росабазухъе. Регламент абураб жо цо бугониги, гIадамаз кьолел суалал рукIана батIи-батIиял, жавабал ратизе захIматал. Газалъулги, гIорхъирахъ гьечIого свергуни къан жедеего ккурал ракьазулги ва.гь.ц. Росдада жанибе щвараб газ жидерго рокъобе бачизе ккани тIалаб гьабулеб бугила анцIазарго гъуруш гIарац. Гьеб жо жидеца кьезе кколебищали лъазе кIолеб гьечIила. Ражаб Ражабовас тIаде босана гьеб жо роцIине. УнхIада цо чияс суал борхана, жидер росулъ анкьо рукъ бан бугила нусго гектаралда тIад, цоги чагIазе бакIги къварид гьабун. Гьеб суалги СПКаялъул нухмалъулесда тIад къан тана. ЦIумилухъ росдал гIолохъабазе спортзал бан лъугIизабизе кумек гьабизе тIаде босана районалъул бутIруз. Жеги батIи-батIиял суалал рукIана гIадамазул, киналго хъван бажариларо аслияв ва кIвар бугел суалал дица кагътиде росана. Гьелдалъун лъугIизе тана нижеца хъутаналда бакIарараб данделъи. РакIалда буго лъагIалида жаниб цо нухалъ гурел жеги гIемер цIикIун гьенире щвезе.

РАСУЛ АБАКАРОВ

ВНИМАНИЕ!




**Приказом ФСБ России от 18.11.2013 года № 682 (зарегистрирован в минюсте 19.12.2013 года за № 30699, опубликован в «Российской газете» от 25.12.2013 года № 6267) внесены изменения в правила пограничного режима, утвержденные приказом ФСБ России от 15.10.2012 года № 515, которые вступили в силу с 05.01.2014 года.**

Так, изменения коснулись правил въезда (прохода), временного пребывания,передвижения лиц и транспортных средств в пограничной зоне граждан Российской Федерации, иностранных граждан (подданных) и лиц без гражданства.

Согласно новой редакции п.п. 1.2.1.2. въезд (проход) в пограничную зону, временное пребывание и передвижение в ней по документам, удостоверяющим личность, осуществляют граждане Российской Федерации, имеющие регистрацию по месту пребывания или по месту жительства, расположенному в пограничной зоне и находящемуся в пределах пятикилометровой полосы местности вдоль государственной границы Российской Федерации3 на суше, морского побережья Российской Федерации, российской части вод пограничных рек, озер и иных водных объектов4 и на островах на указанных водных объектах5 или до рубежа инженерно-технических сооружений в случаях, если он расположен за пределами пятикилометровой полосы местности.

В старой редакции данной статьи въезд (проход) в пограничную зону, временное пребывание и передвижение в ней по документам, удостоверяющим личность, осуществляли граждане Российской Федерации, имевшие регистрацию по месту пребывания или по месту жительства в пределах муниципального района, на территории которого установлена пограничная зона.

Соответственно изменились абзацы статей, содержащие в старой редакции приказа понятие «регистрация по месту пребывания или по месту жительства в пределах муниципального района (городского округа), на территории которого установлена пограничная зона, или городского округа, расположенного в пределах муниципального района, на территории которого установлена пограничная зона, и территория которого охватывает (частично охватывает) территорию городского округа» на новую редакцию «регистрация по месту пребывания или по месту жительства расположенному в пограничной зоне и находящемуся в пределах пятикилометровой полосы местности, на островах или до рубежа инженерно-технических сооружений в случаях, если он расположен за пределами пятикилометровой полосы местности».

Также, в новой редакции Приказа понятие «пятикилометровая полоса местности вдоль государственной границы Российской Федерации на суше, морского побережья Российской Федерации, российских берегов пограничных рек, озер и иных водных объектов и на островах, на указанных водных объектах» звучит как «пятикилометровая полоса местности».

## ИНФОРМАЦИОННЫЙ МАТЕРИАЛ ДЛЯ ОПУБЛИКОВАНИЯ В СРЕДСТВАХ МАССОВОЙ ИНФОРМАЦИИ

# « ИЗМЕНЕНИЯ В ПРАВИАЛАХ ПОГРАНИЧНОГО РЕЖИМА»



Изменения коснулись правил въезда (прохода), временного пребывания, передвижения лиц и транспортных средств в пограничной зоне для иностранных граждан (подданных) и лиц без гражданства. Так, согласно новой редакции Приказа въезд в пограничную зону по документам, удостоверяющим личность осуществляют иностранные граждане (подданные) и лица без гражданства:

1) постоянно проживающие, имеющие регистрацию по месту жительства, расположенному в пограничной зоне и находящемуся в пределах пятикилометровой полосы местности, на островах или до рубежа инженерно-технических сооружений в случаях, если он расположен за пределами пятикилометровой полосы местности, а в случаях:

утраты (хищения) иностранным гражданином вида на жительство, имеющие при себе справки, выданные органом миграционного учета иностранных граждан и лиц без гражданства;

2) временно проживающие в Российской Федерации, имеющие регистрацию по месту жительства, расположенному в пограничной зоне и находящемуся в пределах пятикилометровой полосы местности, на островах или до рубежа инженерно-технических сооружений в случаях, если он расположен за пределами пятикилометровой полосы местности, имеющие при себе разрешения на временное проживание, а в случаях:

утраты (хищения) иностранным гражданином документа, удостоверяющего личность, с проставленной ранее отметкой о разрешении на временное проживание и получения нового документа или лицом без гражданства разрешения на временное проживание в виде документа установленной формы, имеющие при себе справки, выданные органом миграционного учета.

В старой редакции Приказа иностранным гражданам (подданным) и лицам без гражданства достаточно было иметь регистрацию по месту жительства в пределах муниципального района, на территории которого установлена пограничная зона.

Также, в новой редакции Приказа утратил силу п.п. 1.2.2.3. который разрешал въезд (проход), временное пребывание, передвижение иностранным гражданам (подданным) и лицам без гражданства по документам, удостоверяющим личность, временно пребывающим в Российской Федерации и в установленном порядке поставленных на учет по месту пребывания в пределах муниципального района (городского округа), на территории которого установлена пограничная зона, или городского округа, расположенного впределах муниципального района, на территории которого установлена пограничная зона, и территория которого охватывает (частично охватывает) территорию городского округа, имеющим при себе миграционные карты или отрывные части бланков уведомлений о прибытии иностранного гражданина или лица без гражданства в место пребывания.



Так же, в новой редакции Приказа учтено обстоятельство, когда пограничная зона имеет ширину менее 5 километров (характерное, например, для Службы в городе Дербент и отдела (погк) в г. Махачкала), тогда как в старой редакции Приказа учитывается только понятие «пятикилометровая полоса местности вдоль государственной границы».

В п.1.5 и п.2.4. Приказа новой редакции внесены дополнительные пункты, по которым въезд (проход) в пограничную зону граждан и транспортных средств, а также проведение работ и мероприятий временно ограничиваются или могут быть запрещены: режим повышенной готовности или чрезвычайной ситуации.

Также, в Приказе новой редакции разделен порядок определения мест въезда в пятикилометровую полосу местности и за рубежинженерно-технических сооружений. Так, п.1.6. Приказа новой редакции гласит «Въезд (проход) в пределы пятикилометровой полосы местности в случае, если пограничная зона установлена шириной от пяти и более километров, осуществляется в местах, а за рубеж инженерно-технических сооружений - в местах и во время, которые устанавливаются пограничными органами.

Об установленных местах въезда (прохода) в пределы пятикилометровой полосы местности, местах и времени въезда (прохода) за рубеж инженерно-технических сооружений пограничный орган информирует органы государственной власти субъектов Российской Федерации и органы местного самоуправления муниципальных образований, территории которых прилегают к государственной границе на суше, морскому побережью Российской Федерации, российским берегам пограничных рек, озер и иных водных объектов, а также организации и граждан, расположенных и находящихся на территории указанных субъектов Российской Федерации и муниципальных образований», тогда как в старой редакции данного пункта говорилось только об определении места и времени въезда (прохода) за рубеж инженерно-технических сооружений.

Что касается пребывания и передвижения в пограничной зоне, то изменения произошли в части, касающегося условий регистрации граждан Российской Федерации, иностранных граждан (подданных) и лиц без гражданства, о чем говорилось выше.

В новой редакции п.1.7.6. дополнен абзацем, который запрещает при следовании транзитом через пограничную зону делать остановки, за исключением случаев вынужденной остановки, осуществлять посадку (высадку) людей, выгрузку грузов, товаров, животных и прием их на транспортные средства.

По-новому излагается п. 2.3. Приказа: «Работы, мероприятия в пограничной зоне, установленной шириной менее пяти километров, либо в пределах пятикилометровой полосы местности в случае, если пограничная зона установлена шириной от пяти и более километров, на островах или до рубежа инженерно-технических сооружений в случаях, если он расположен за пределами пятикилометровой полосы местности, проводятся в светлое время суток (астрономическое, с восхода до захода солнца).

Проведение таких работ, мероприятий в темное время суток, а также в условиях полярного дня и полярной ночи осуществляется на основании мотивированных предложений граждан и организаций по решению начальника пограничного органа или подразделения пограничного органа». т.е., конкретно определяется понятие светлого времени суток, учтены условия полярного дня и полярной ночи, и кроме начальника пограничного органа, дополнительно на начальника подразделения пограничного органа (начальника Службы) возлагается принятие решения давать разрешение на проведение работ и мероприятий в ночное время.

СПОРТ

# Кикбоксингалъул рахъалъ Россиялъул чемпион


МухIамадов Сайпудин

**2014-абилеб соналъул 16-абилеб марталда Нижний Новгородалда тIобитIана Россиялъул кикбоксингалъул чемпионат.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв Кьардиб росулъа МухIамадов Сайпудиница. Анкьго дандчIваялда ракIчIараб бергьенлъиги босун Сайпудин вахьана Россиялъул чемпионлъун. Ахираб заманалда нилъер ракьцоял гIолилаз чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби росулел руго батIи-батIиял спортивиял къецазда. РачIа ракI-ракIалъго баркизе Кьардиб росдал жамагIаталда Сайпудинил бергьенлъи. ГьабсагIаталда гьев хIадурлъулев вуго Европаялъул ва дунялалъул чемпионаталде. Кьеги гьесие тавпикъгун сахлъи, жеги гIемерIемер бергьенлъабигун тIадвуссине.

**ЧАКЪАЛОВ**

# Самбоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионал


Аюбов Рустам


ГIумаров ХIажимурад

**2014-абилеб соналъул 29-абилеб апрелалда Сулейман Стальский районалда тIобитIана самбоялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат.**

Нилъер районалъул ДЮСШялъул гIолилазги гIахьаллъи гьабунагьеб чемпионаталда. Цеве вахьана 42 кг цIайиялда **ГIумаров ХIажимурад**. Гьев киналго дандчIваязда бергьенлъабиги росун вахьана Дагъистаналъул чемпионлъун.

Гьединго 73 кг цIайиялда ункъо дандчIвайги бергьун чемпионлъун вахьана **Аюбов Рустамги**, гьевги ккола ЛъаратIа ДЮСШялъул спортсменлъун. Гьел чемпионазул тренер ккола **МухIамадов Арсен**. Гьаб соналда лъикIал хIасилал рихьизаруна Арсеницаги тренер хIисабалда.

Гьарула гьесиеги хIалтIулъ жеги кIудикIудиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**

# МахIарамкенталда дзюдоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат

**Исана 10-13абилеб апрелалда МахIарамкенталда тIобитIана дзюдоялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат.**

Гьеб чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна ЛъаратIа ДЮСШялъул гIолилазги. Гьенив нилъер ракьцояв Юсупов Шамил бергьана анлъго данделъиялда ракIчIарал бергьенлъабиги росун. 50 кг. цIайиялда гьев вахьана Дагъистаналъул чемпионлъун.

ГIагараб заманалда гьев гIахьаллъизе ккола Северияб Кавказалъул чемпионаталдаги. Гьарула Шамилие тIоцебе щулияб сахлъи ва хадусала кIуди-кIудиял бергьенлъабиги.

ХьвачIого гIеларо, гьеб турниралда судияз гьарулел рукIарал мекълъабазулги. Цояв цIазе витIун ва гьесул бакIалда цогияв батIияв гугаризе витIун, дандекколарел жал гьарулел рукIана.

Цогидал гIолилазеги тIадегIанал бакIал щвезе ресги букIана, амма судияз жодоразулго рахъ кколеб букIана.

Спорткомитеталъ ва гIолилазул туризмалъул комитеталъ гьав нилъер чемпион ва гьесул тренер МухIамадов Арсен кIодо гьаризе ккела.


Юсупов Шамил

**ЧАКЪАЛОВ**

ПАЙДАЯЛ МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

# Чорхое зарал бугел нигIматал

**Нилъеца бищун гIемер росула кванил нигIматал. ГIемерисеб гIарац харж гьабулин абизе бегьула гьел нигIматал росизелъун. Кваназе кколелъулха. Амма лъагIалида жаниб анцIазаазар гъурущ харж гьабула расги хIажалъуларел нигIматал росиялъеги.**

**ГАЗ ГЪОРЛЪ БУГЕЛ СОКАЛ**

Газ гъорлъ бугел сокал гьекъеялъ, чвантида гуребги, сахлъиялдаги кьаби щвезабула. ГIалимзабаз абулеб буго газ гъорлъ бугел сокал гьекъеялъ кьаралъизарулин. Гьеб гуребги, гьел соказда гъорлъ рукIунел "красителал" абулел жалаз аллергия ва хIатта астмацин ккезабизе рес буго. Гьединлъидал, гьел сокал черхалъе расги пайда гьечIел жал ругелъул, гьездаса инкар гьабизе бегьула.

**КЪВАРИГIУНАРЕЛ НИГIМАТАЛ**

Аризоналъул университеталъул гIалимзабаз гьарурал цIех-рехазул хIасилалдасан баянлъун буго щибаб лъагIалида жаниб инсанас 600 доллар гIадада хвезабулеб букIин. Масала, гьанже МахIачхъалаялдаги гIемерлъун руго хехаб куцалда квен гьабулел ва кваналел бакIал. Масала, картошка-фри абураб нигIмат хIадурулаго хIалтIизабула хурдузул нах. Гьеб нахин абуни, ай цого нах хIалтIизабулеб буго тIубараб моцIалъцин цого квен гьабулаго. Кванидаса бахъараб махI чIвачIого букIине ва берцинаб кьер бачIинабизе унтизарулатIаде щиб-щибниги жоги бан, гIадамалги махсароде ккола. Гьединаб кваницайин абуни, черхалъе щибго пайда кьоларо, хIатта заралцин гьабула. Гьелъ унтизарула тIул, ургьисалаби, ракI.

Инсанасул ццим бахъинабулеб, гьев ццидахинабулеб нигIматлъун рикIкIуна чипсал. Ццим бахъинаби гуребги, чипсаз зарал гьабула кваникъалъе, хвезабула нервабазул гIуцIи. Гьединлъидал, берциберцинал къучIбухъ букIунеб нигIматалдаса чара гьечIого инкар гьабизе ккола.

**САКЪИС**

КIалдиса махI инабулеб нигIматлъун рикIкIуна сакъис. Амма лъазе ккола гьеб гIемер чIамиялъ цаби-гIусал хвезаруleблъи. Хасго лъимадуе кьезецин бегьуларин сакъисилан абула гIалимзабаз. Сакъисги рагIула, гIемер чIамулеб бугони, хъалиянго гIадин тезе цIакъ захIматаб "наркотик". Гьединлъидал, тохтурзабаз абухъе, къойида жаниб сакъис чIамизе бихьизабураб заман буго 5-10 минут. Хасго сакъис чIамизе лъикIаб гьечIо ракъун рукIаго. Гьедин чIамулеб бугони, гьелъ кванирукъалда унти ккезабула. КигIанго цIакъ реклама гьабун бихьизабулеб бугониги, цониги сакъисалъ рацIцIад гьаруларо цаби-гIусал, букIине кколедухъ чурулеб, рацIцIунеб мехалъ гIадин.

**Подписка - 2014**

**ХIУРМАТИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ!**




Унеб буго "ЛъаратIа" газеталъул подписка! Киналго районалъул цIиял харбал лъазе бокьарал, ругел загьир гьаризе бокьарал, лъикIал ишазул бицине ва тохал рахъал цере лъезе хIадурал, нилъер гIагараб районалъул араб тарихалъулги, гьанжесеб къоялъулгун ва букIинеселъул пикру гьабулел цIалдолев почтаялдеги ун газета хъвазе бегьула.

Подпискаялъул хIакъалъул бугониги, ялъуни цоги суал бугони рачIине бегьула хадусеб **адресалда: ЛъаратIа росу, Спорталъулгун культураялъул кIалгIа, кIиабилеб тIала.**
тел: **8 963-798-56-92**


Салда росдада цебе бугеб гIорхъи цIунулезул застава

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 16.05.2014